Ndagúfasha.	I['ll] help you.

Uroora héehé?	Where are you headed?
Ndakwuunguruza.	I'll give you a lift.

[For practice with this use of /-ka-/, and for additional examples, see Exercise 9.]

4. The extensions in the stem /-kíriza/.

The dialogue contains the sentence:

Noon' _e ub _u iciiy _e ikíra?	Is it all right now?
--------------------------------------------------------------	----------------------

Not illustrated in the dialogue is the stem:

-kíza	to cure (i.e. cause to recover or become all right)
-------	-----------------------------------------------------

This is, of course, analyzable as containing the root /-kir-/,

with the causative extension being represented by the presence of /-z-/ instead of /-r-/ at the end of the root. The stem with both the causative and applicative stems is /-kíriza/ and not */-kizira/, as illustrated in the sentence:

Uraabé kó wooshobóra kuwúunkíriza. See if you can
fix it for me.

5. Forms that contain two object prefixes.

The infinitive in this sentence contains two object prefixes:

Ntuma nzé (or: njé) kuyíkugúrira Send me (that I
may go) to buy
it for you.

The first of the two prefixes (/ -yi/) stands for /isaánsi/, which would be the direct object of the verb, while the second prefix (/ -ku-) stands for the second person singular indirect object. In the infinitive, for both high and low verbs, the first prefix has high tone, and the first syllable of the stem has high tone. [For practice with infinitives that contain two object prefixes, see Exercise 5.]

Immediate disjunct indicative forms follow the same tonal rule:

Ndakíkugúrira. (/ -gura/, a low verb)	I[!11] buy it for you.
Ndakíkufátira. (/ -fáta/, a high verb)	I[!11] get it for you.

The negative conditional has no high tone in these forms:

’Ntiwookimfatira. Please get it for me.

A hodiernal form is:

Naakigúfatiye.

I got it for you
[today].

A hesternal form is:

Narákigúfatiye.

I got it for you
[before today.]

[The student may want to explore for himself the tonal patterns used when two object prefixes are used with some of the verb forms that are not covered by these few examples.]

Exercise 1. Indicative vs. autonomous forms. Variation of subject prefix and object prefix.

	'The car has died on me.'	'Where is the one that died on you?'
	Umudúga waampfáanye.	Uwugúpfaany _e urĩhe?
wé	Umudúga waamupfáanye.	Uwumúpfaany _e urĩhe?
imáshiíni	Imáshiíni yaamupfáanye.	Iyimúpfaany _e irĩhe?
jeewé	Imáshiíni yaampfáanye.	Iyigúpfaany _e irĩhe?
ipikipiki	Ipikipiki yaampfáanye.	Iyigúpfaany _e irĩhe?
wé	Ipikipiki yaamupfáanye.	Iyimúpfaany _e irĩhe?
uburáangaangwé	Urubáangaangwé rwaa- mupfáanye.	Urumúpfaany _e rurĩhe?
jeewé	Urubáangaangwé rwaa- mpfáanye.	Urugúpfaany _e rurĩhe?
ikáraámu	Ikáraámu (r)yaampfáanye.	Iyi-/Irigúpfaany _e (r)irĩhe?

wé	Ikáraámu (r)yaamupfáanye.	Iyi-/Irimúpfaany _e (r)irĩhe?
imbõga	Imbogá zaamupfáanye.	Izimúpfaany _e zirĩhe?
jeewé	Imbogá zaampfaáanye.	Izigúpfaany _e zirĩhe?
imirĩma	Imirimá yaampfáanye.	Iyigúpfaany _e irĩhe?
wé	Imirimá yaamupfáanye.	Iyimúpfaany _e irĩhe?

Exercise 2. Use of /-an-/ in its applicative function; concord between sentences.

	'I'm out of water.'	'That [i.e. water] is what I need.'
amáazi	Amáazi yaampéranye.	Niyó nkenéye.
isáansi	Isáansi yaampéranye.	Niyó nkenéye.
umúunyu	Umúunyu waampéranye.	Niwó nkenéye.
isúkaári	Isúkaári yaampéranye.	Niyó nkenéye.
umuceri	Umuceri waampéranye.	Niwó nkenéye.
amahoonda	Amahoonda yaampéranye.	Niyó nkenéye.
ubũro	Uburó bwaampéranye.	Nibwó nkenéye.
isábuné	Isábuné yaampéranye.	Niyó nkenéye.
amakára	Amakára yaampéranye.	Niyó nkenéye.
ivyaámwa	Ivyaámwa vyaampéranye.	Nivyó nkenéye.
indĩmu	Indimú zaampéranye.	Nizó nkenéye.
amăgi	Amagí yaampéranye.	Niyó nkenéye.
inzõga	Inzogá yaampéranye.	Niyó nkenéye.

amavúta	Amavúta yaampéranje.	Niyó nkenéye.
ibitooke	Ibitooke vyaampéranje.	Nivyó nkenéye.
umwaánya	Umwaánya waampéranje.	Niwó nkenéye.

Exercise 3. The construction of Sentence 5, contrasted with a semantically related why-question.

	‘How can you lack water, and you in an inhabited area?!’	‘Why do you lack water?’
wewé	Ukabur _a amáazi urí mu mihana!	Ni kukí ubuz _e amáazi?
jeewé	Nkabur _a amáazi ndí mu mihana!	Ni kukí mbuz _e amáazi?
wé	Akabura amáazi arí mu mihana!	Ni kukí abuz _e amáazi?
twéebwé	Tukabura amáazi túri mu mihana!	Ni kukí tubuz _e amáazi?
mweebwé	Mukabura amáazi múri mu mihana!	Ni kukí mubuz _e amáazi?
bó	Bakabura amáazi bári mu mihana!	Ni kukí babuz _e amáazi?

Exercise 4. ‘What should I do, seeing that...?’

Ntibaanzí.	Noogiraánte kó bataanzí?	They don’t know me.
		What shall I do, [since] they don’t know me?
Simfis _e amafaraanga.	Noogiraánte kó ntafis _e amafaraanga?	I don’t have money.
Sindavyuúmvise.	Noogiraánte kó ntavyuúmvise?	I didn’t get (hear, understand) it [just now].

Ntibaráabiínsiguurira.	They haven't explained it to me.
Noogiraánte kó bataráabiínsiguurira?	
Siinzí kwóoga.	I don't know how to swim.
Noogiraánte kó ntaazí kwóoga?	
Sinkoméye.	I'm not well.
Noogiraánte kó ntakoméye?	
Sindáahéza.	I haven't finished yet.
Noogiraánte kó ntáraahéza?	
Ndiicaye.	I'm seated.
Noogiraánte kó niicáye?	
Ndagarutse.	I'm back.
Noogiraánte kó ngarútse?	
Ndiibagiye.	I've forgotten.
Noogiraánte kó niibágiye?	
Baángabiy _e imbwá.	They've presented me with a dog.
Noogiraánte kó baangabíy _e imbwá?	
Baraangaya.	People aren't glad to see me doing this.
Noogiraánte kó baangáya?	

Exercise 5. Variation of both object prefixes in a single word.

	'Water is what I want.'	'Let me go and ask for some for you.'
amáazi	Amáazi 'niyó nshaaká.	Hiinga njé kuyá <u>g</u> usábira.
wé	Amáazi 'niy'ashaaká.	Hiinga njé kuyá <u>m</u> usábira.
isáansi	Isáansi 'niy'ashaaká.	Hiinga njé kuyí <u>m</u> usábira.
tweebwé	Isáansi 'niyó dushaaká.	Hiinga njé kuyí <u>b</u> asábira.
impaapuro	Impaapuro 'nizó dushaaká.	Hiinga njé kuzí <u>b</u> asábira.
bó	Impaapuro 'nizó bashaaká.	Hiinga njé kuzí <u>b</u> asábira.
amavúta	Amavúta 'niyó bashaaká.	Hiinga njé kuyá <u>b</u> asábira.
jeewé	Amavúta 'niyó nshaaká.	Hiinga njé kuyá <u>g</u> usábira.
iraángi	Iraángi 'niryó nshaaká.	Hiinga njé kurí <u>g</u> usábira.
wé	Iraángi 'niry'ashaaká.	Hiinga njé kurí <u>m</u> usábira.
inyama	Inyama 'niz'ashaaká.	Hiinga njé kuzí <u>m</u> usábira.
igipfúundikizo	Igipfúundikizo 'nic' ashaaká.	Hiinga njé kukí <u>m</u> usábira.
tweebwé	Igipfúundikizo 'nicó dushaaká.	Hiinga njé kukí <u>b</u> asábira.
ibiceri	Ibiceri 'nivyó dushaaká.	Hiinga njé kubí <u>b</u> asábira.

bó	Ibiceri 'nivyó bashaaká.	Hiinga njé kubíbasábira.
amáazi	Amáazi 'niyó bashaaká.	Hiinga njé kuyábasábira.
jeewé	Amáazi 'niyó nshaaká.	Hiinga njé kuyágusábira.

Exercise 6. The construction of Sentence 17.

'What's the matter that you're not happy?'

kunéezeerwa	K' utaneezérewé 'n _i amáki?
kwíihuuta	K' utiihúuse 'n _i amáki?
kwíiruka	K' utiirútse 'n _i amáki?
kwiicara	K' utiicáye 'n _i amáki?
kuryáama	K' utaryaamyé 'n _i amáki?
kugaruka	K' utagarútse 'n _i amáki?
kutávuga (neg. of /-vúga/)	K' utavuzé 'n _i amáki?
kuvyúuka	K' utavyuutsé kare 'n _i amáki?

Exercise 7. /na-/ with various persons and numbers.

'They helped him.'

'And they'll help me too.'

jeewé	Baáramutábaaye.	Naánje bazoontabaara.
kubóna	Baáramubóonye.	Naánje bazoombona.
wewé	Baáramubóonye.	Naáwe bazookubona.
gufásha	Baáramufáshije.	Naáwe bazoogufasha.

wé	Baáramufáshije.	Nawé bazoomufasha.
kugaya	Baáramugáye.	Nawé bazoomugaya.
tweebwé	Baáramugáye.	Naátwe bazootugaya.
kuramutsa	Baáramurámukije.	Naátwe bazooturamutsa.
mweebwé	Baáramurámukije.	Naámwe bazoobaramutsa.
kutabaara	Baáramutábaaye.	Naámwe bazoobatabaara.

Exercise 8. Random substitution based on Sentence 3.

Haapfuuy_e ikí nkagúfasha?

What has happened (‘what died’) and I’ll help you?

Ukeney_e ikí nkagúfasha?

What do you need, and I’ll help you?

Ukeney_e ikí nkamúbaza?

What do you need, and I’ll ask him?

Uráaz_i iy’_o aajá nkamúbaza?

Do you know where he’s going, [and if not] I’ll ask him.

Uráaz_i ah’_o aabá nkamwaandikira?

Do you know where he lives, and I’ll write him.

Ntiwoomp_a impaapuro nkamwaandikira?

Please give me some paper and I’ll write to him.

Mfat_a urupaapuro nkamwaandikira.

I’ll take a piece of paper and write to him.

Mfat_a urupaapuro nkaandik_a ikeéte.

I’ll take a piece of paper and write a letter.

Exercise 9. Use of a /-ka-/ form after a question.

Ashaak_a ikí?

What does he want?

Ndakímweéreka.

I will show it to him.

Ashaak_a ikí nkakímweéreka?

What does he want, and I'll show it to him?

Ugiyěhe?

Where are you going?

Turakujaanāyo.

We will give you a lift.

Ugiyehé tukajaana?

Where are you going, and we'll go together.

Yasavy_e ikí?

What did he ask for?

Ndakímuhá.

I'll give it to him.

Yasavy_e ikí nkamúha?

What did he ask for, and I'll give it to him?

Yaciyěhe?

Where did he pass by?

Ndamúkurikira.

I'll follow him.

Yaciyehé nkamúkurikira?

Where did he pass by, so I can follow him?

Ashaak_a ikí?

What does he want?

Ndakímugúrira.

I'll bring it for him.

Ashaak_a ikí nkakímugúrira?

What does he want, and I'll buy it for him?

Agwaay_e ikí?

What sickness has he contracted?

Ndamuvuura.

I'll cure him.

Agwaay_e ikí nkamuvuura?

What has he got, and I'll cure him?

[From this point on, students and instructor should devise their own practice conversations, by recombining vocabulary and grammatical structures that are already familiar. It is suggested that good first lines for these conversations would be 1, 12, 17, 26, or variations on these lines.]

UNIT 27

BASIC SENTENCES

- | | | |
|----|----------------------------------------------------------------------------------------------------------|----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| | intwáaro (9, 10) | government |
| 1. | Intwaaro y _a Uburuundi. | The government of Burundi. |
| | umutwé (3, 4) | head |
| | -gaba (-gavye) | to administer |
| | umwaámi (1, 2) | king |
| 2. | Umutwe w _a abagab _a
igihugu c _a Uburuundi
n _i umwaami. | The head of those who govern
the country of Burundi is
the king. |
| | -haangaama (-haangaamyé) | to ascend the throne |
| 3. | Ubu hahaangaamyé Mwaambutsa
wa kane. | Now Mwambutsa IV is on the
throne. |
| 4. | Umwaami akurikirwa na
baa'ministres'. | The king is followed by
ministers. |
| | -shiinga (-shiinze) | to put a stick in the
ground, to put in shape |
| | -tégeka (-tégetse) | to make/enforce laws |
| | ubugavyi (14) | government |
| | ubutúunzi (14) | economy |
| 5. | Hari 'ministre' wa
ambere, na abaandi
baashiinzwe gutegek _a
ibikorwa mu gihugu: | There is the prime minister,
and others who are put in
charge of running [various]
activities in the country:
the administration of in-
ternal affairs ('of those who
live in the country'), |

- ubugavyi n_a ubutegetsí education, economy, and
 bw_a ababa mu gihugu, other [things].
 indero, ubutuunzi, n_a
 ibiindi.
- umushíingamăteeká legislator
 (1, 2)
6. Hari n_a abashiingamateeka. There are also legislators.
 -íitegereza (-íitegereje) to watch, supervise
 itéeká (5, 6) law
7. Abo reero biitegerez_a And they supervise/enforce
 amateek_a akoreeshwa the laws which are in force
 mu Buruundi, bagashiinga in Burundi, and they es-
 n_a amateg_aeko mashaasha. tablish new laws.
8. Baa 'ministres' batoorwa The ministers are chosen by
 n_a umwaami. the king.
9. Abashiingamateeka The legislators are chosen
 batoorwa n_a igihugu. by the populace.
 -gabanya (-gabanije) to divide
10. Igihugu kigabanijwe mu The country is divided into
 ma 'provinces'. provinces.
11. Ama 'provinces' ateg_akwa The provinces are governed by
 na baa 'gouverneurs'. governors.
12. Ama 'provinces' agabanijwe The provinces are divided
 murí za 'arrondissements', into arrondissements,
 which are governed by

- | | |
|----------------------------------|------------------------------|
| zitegekwa na | administrators. |
| ba'administrateurs'. | |
| 13. (Za)'Arrondissements' | The arrondissements are |
| zigabanijwemwo zaa- | divided into communes. |
| 'communes'. | |
| intaáhe (9, 10) | judgment, oath |
| 14. 'Communes' zitegekwa na | The communes are governed |
| baa'bourgmestres', | by mayors and the elders |
| n _a abashiingantaaha | of the commune. |
| baa'commune'. | |
| abadásigáana (1, 2) | [name of a political |
| | party] ('those who never |
| | are in discord') |
| umugaambwe (3, 4) | political parties |
| 15. Mu Buruundi har _i | In Burundi there are two |
| imigaambwe minin _i | large parties: the |
| ibiri: Abadasigaana | Abadásigáana (or UPRONA), |
| aribo UPRONA na | and the Front Commun. |
| 'Front Commun.' | |
| ubutégetsi (14) | power |
| iminwe (4) | hand, hands |
| 16. Ubutegetsi buri mu | The power is in the hands of |
| minwe ya UPRONA. | UPRONA. |

17. Umwaami ntashobora kugir_a umugaambwe. The king cannot belong to a party.
18. Mu mategeko ntashobora no kugir_a umugaambwe yeerekana k_o akuunze kurut_a uwuundi. itóora (5, 6) election -héruuka (-héruutse) -tsíinda (-tsíinze) to win intébe (9, 10) seat uwutwáara (1, 2) one who governs
19. Mw iitoora riheruuka umugaambwe wiitwa UPRONA niwo watsiinze. kubwá according to
20. Kubwí_a itegeko ryaashiinzwe n_a abashingamateeka iriindi toora rizoohora rikorwa nkí_a imyaak_a itaan_u itaan_u iheze. According to the law passed by the legislature, new elections will be held every five years.

1. Intwáaro y_a Úburuúndi.
2. Umutwé w_a ábagáb_a igihúgu c_a Úburuúndi 'n_i umwaámi.
3. Ubu hahaangaamyé Mwaambutsa wa káne.
4. Umwaámi akurikirwa na baá'ministres'.
5. Hari 'ministre' wa ambere, n_a ábaáandi baáshinzwe gutégek_a ibikórwá mu gihúgu: ubugavyi n_a úbutégetsí bw_a ábabá mu gihúgu, indero, ubutúunzi, n_a íbiíndi.
6. Hari n_a ábashíngamăteeká.
7. Abo reeró biitegerez_a amatéek' akoréeshwa mu Buruúndi, bagashiinga n_a ámatégeko mashaásha.
8. Baa'ministres' batoorwa n_a úmwaámi.
9. Abashíngamăteeká batoorwa n_a ígihúgu.
10. Igihúgu kigabanijwe mu ma'provinces.'
11. Ama'provinces' ategekwa nabaa'gouverneurs'.
12. Ama'provinces' agabanijwe murí za'arrondissements', zitegekwa na ba'administrateurs.'
13. (Za)'Arrondissements' zigabanijwemwó zaa'communes.'
14. 'Communes' zitegekwa na baa'bourgmestres', n_a ábashíngantaáhe baa'commune'.
15. Mu Buruúndi har_i imigaambwe miní n_i ibiri: Abadásigáana ariyo UPRONA na 'Front Commun.'
16. Ubutégetsí buri mu minwe ya UPRONA.
17. Umwaámi 'ntashobóra kugir_a umugaambwe.

18. Mu matégekó 'ntashobóra nó kugir_a umugaambwe yeerékana k'ó
akuunzé kurut_a uwuúndi.
19. Mw iitóora riherúuka umugaambwe wiiwá UPRONA 'niwó watsíinze.
20. Kubw_a iitégekó ryaáshiinzwe n_a ábashiingamáteeká iriíndi
tóora rizoohora ríkorwa nk'í_a imyáak_a itaan_u ítaan_u ihéze.

1. Method of pluralizing unassimilated French nouns.

Compare the singular and plural forms of these nouns, none of which has been completely assimilated into the pronunciation system of the language.

umu'gouverneur'	baa'gouverneur'
umu 'administrateur'	ba'administrateur'
umu'bourgmestre'	baa'bourgmestre'
umu'ministre'	baa'ministre'

In the singular of the above Class 1 nouns, the regular prefix /umu-/ is used. The plural /baa-/ has no initial vowel, and the vowel that it has is long.

i'Commune'	(9)	{	zaa'communes'	(10)
			ama'communes'	(6)
i'province'	(9)	{	zaa'provinces'	(10)
			ama'provinces'	(6)
'arrondissement'	(9)	{	za'arrondissements'	(10)
			ama'arrondissements'	(6)

These three examples are nouns that do not stand for persons. Those which in French begin with a consonant have initial /i-/ and are in Class 9. The last example, which begins with a vowel in French, has no prefix of any kind in the singular. The plurals of all these non-personal nouns are in either of the classes 6 or 10.

2. Passive stems.

Compare these pairs of sentences:

Baa'ministres' batorwa n_a úmwaámi.

The ministers are chosen by the king.

Umwaám₁ atoorá baa'ministres'.

The king chooses the ministers.

Akoreesh_a ibitabo vyíínshi.

He uses many books.

Ibitabo bikoréeshwa 'ni vyíínshi.

The books that are used are many.

In these two pairs of sentences, the difference between active and passive verb stems is marked by the presence or absence of the extension /-w-/, which is found after the other extensions (if any), right before the final vowel. This represents the most common way of forming passives, but there are a number of exceptions.

Active

-há 'give'

but

Passive

-háabwa 'be given'

with perfect stems:

-háaye

-háawe

-cá 'pass by, cut etc.'

-cíibwa

-cíiye

-cíiwe

-ryá 'eat'

-ríibwa

-ríiye

-ríiwe

It will be noted that these monosyllabic verbs conform to a little pattern of their own.

3. The construction 'every___years' (e. g. Stc. 20).

Itóora rikorwa haanyuma y_a ímyaák_a itaan_u íítaanu.

'Elections are held every five years.'

Nja kw iisokó mu miísi itat_u íítatu.

'I go to the market every three days.'

The length of an interval is expressed by reduplication of the appropriate numeral, as in the above examples. Note that the first vowel of the second half has high tone. Note also that an initial vowel is present with both halves of the reduplication,

and that the last vowel of the first half is assimilated to the quality of the initial vowel of the second half; the two vowels may be contracted. That is to say:

itatu ítatu

is pronounced: [itatiítatu]

or: [itatítatu]

4. A use of /na/ which does not correspond to English 'have', 'with' or 'and'.

Har ₁ abashíingamăteeká.	There are legislators.
Hari n _a ábashíingamăteeká.	There are also legislators.
Ntashobóra nó kugir _a umugaambwe yeerékana k'akuunzé kurut _a uwuúndi.	He [the king] can't even show preference for one party over another.
Siinzí kuvúg _a Igifáraánsa.	I don't know how to speak French.
Siinzí nó kugisoma.	I don't even know how to read it.

In the above sentences, /na/ does not stand between two nouns. For this reason, it cannot be translated by English 'and'. A more appropriate translation is 'also' or 'even.'

5. Two alternate ways of using Class 18.

Compare Sentences 12, 13 of the basic dialogue:

Ama'provinces' agabanijwe muri' za'arrondissements.'

The provinces are divided into arrondissements.

Za'arrondissements' zigabanijwemwo' zaa'communes'.

Za'arrondissements' zigabanijwe muri' zaa'communes'.

The arrondissements are divided into communes.

The interchangeability of /muri'/ and /-mwo/ which appears in the above pairs of sentences is not permissible in most situations where /muri'/ is used:

{	Afis _e amafaraanga mur _i ' ibaánki.	He has money in the bank.
	Afis _e amafaraanga mw iibaánki.	

But not: *Afis_e amafaraangámwo ibaánki.

Akora muri' baánki.	He works in a bank.
---------------------	------------------------

But not: *Akorámwo ibaánki.

Exercise 1. Active vs. passive stems.

Umwaámi yatóoye baa'ministres'.	The king chose the ministers.
---------------------------------	----------------------------------

Baa'ministres' baátoowe n _a úmwaámi.	The ministers were chosen by the king.
-------------------------------------------------	----------------------------------------------

Antoóni yabívy_e amasak'á_a ejó.

Antoine sowed sorghum yesterday.

Amasaká yabíbwe na Antoóni.

The sorghum was sown by Antoine.

Tuzoogurir_a ipaámp_a i Bujumbura.

We will sell the cotton in Bujumbura.

Ipaámpa rizoogurirwáhe?

Where will the cotton be sold?

Yohaáni yaríinz_e ibiro.

John guarded the office.

Ibiri vyaáriinzwe na Yóhaáni.

The office was guarded by John.

Intózi zaándiyy_e ejó.

Some ants bit me yesterday.

Naríiwe n_a íntóz_i ejó.

I was bitten by ants yesterday.

Exercise 2. /na/ used between nouns vs. its use when it does not stand between nouns.

'There are white ants in the Congo.'

'There are also army ants.'

'There are white ants and army ants in the Congo.'

Harih'ó umuswá i Koóngo.

Harího n_a íntózi.

Harih'ó umuswá n_a íntóz_i i Koóngo.

Mu rúuzi harimw_o' ingoona.

Harímwo n_a ímvúbu.

Harimw_o' ingoona n_a ímvúbu.

[Make up similar sets of sentences using: /intáre/ and /ingwe/;
/urunyegeri/ and /umuswá/; /inzúuzi/ and /imisézi/, /imyóonga/.]

Exercise 3. Regular intervals of time.

Agaruka mu mayíng_a abiri.

He returns every two weeks.

Agaruka mu mayíng_a abir_i aábiri.

He returns [regularly] every two weeks.

Antuma kuu poosita mu masah_a' atat_u
aátatu.

He sends me to the post office every three hours.

[The student should construct sentences similar to these, in which he tells how often he does certain things, or how often certain events take place.]

Exercise 4. Sentences using /-héruuka/

Yar_i' arwaaye mu miís_i iherúuka y_a
úkwéezi guhezé.

He was ill during the
last days of last
month.

Twaáratéembereye mw iyiínga
riherúuka ry_a úkwéezi guhezé.

We travelled around
during the last week
of last month.

Amafaraang_a aradúherera ku muús_i
uherúuk_a ukwéezi.

We ran out of money on
the last day of the
month [not necessarily
last month.]

Duheruuka kubábona.

We saw them not long
ago.

Duheruuka gushika.

We arrived recently.

Aheruuka gukíra.

He recovered/She had
a baby recently.

Ejó nzoov_a i Bujumbura ubw_o'
iimpéruuka.

Tomorrow I will leave
Bujumbura for the
last time.

UNIT 28

BASIC DIALOGUE

	-ziinduka (-ziindutse)	to go early in the morning: to dawn
1A	Uyu muusi haaziindutse naabi.	The weather was bad at dawn this morning. ('Today dawned badly.')
2A	Ngira ng _o imvur _a iragwa. -íirirwa (-íiriwe) urufuuri (11)	I think it's going to rain. to last all day bad weather: cloudy but not rainy
3B	Irashobora kutagwa, mugabo hakiirirw _a urufuuri.	It may not rain, but it will be cloudy all day.
4A	Ubimeny _a ute?	How do you know (it)?
5B	Ndaab _a ibicu.	I look at the clouds.
6A	Noone birya bicu si ivy _a iimvura?	Aren't those clouds rain- clouds?
7B	Eego, mugabo ntibiremye caane.	Yes, but they aren't (very) heavy [enough].
8A	Noone reero hagwa imvura nke kuk _o ibicu bitaremye. umuyaga (3, 4)	So it will rain little (rain) since the clouds are not heavy. wind

- 9B Oya, ntiwuumv_a uyu
muyaga? Niwo
uvyiirukana ntibiroonk_e
umwaanya wo kurema
ngo bigwemw_o imvura.
-bwíira (-bwíiye) to tell
- 10A Ico nico kibikubwiira
gusa?
agashuúhe (12) heat characterized by
humidity
ikirééré (7, 8) atmosphere pl. means
environment (?)
surroundings
- 11B Oya, ntiwuumva k_o ataa
gashuuhe kari mu
kireere.
2.
hárya by the way
- 12C Harya iki ni iki mu
Kiruundi?
ikiraato (7, 8) shoe
- 13D Ivyo s_i ibiraato?
It's a pair of shoes, isn't
it?
- 14C Nsubiriramwo. Sinuu-
mviise.
Again, please? I didn't get
it.

3. mugéenzi courteous appellation
- 15E Mbega harya mu Kiruundi By the way, is mugéenzi
different from umugéenzi
in Kirundi?
‘mugeenzi’ birataa-
ndukaanye n_a
‘umugeenzi’?
- 16F Caane nyene. Yes indeed!
-úbaha (-úbashe) to respect
- 17F Mugeenzi n_i ukuvuga Mugéenzi means (‘is to say’)
‘sir’ or ‘madam’ when you
are addressing someone whom
you respect very much.
‘sir’ caanke ‘madame’
ubwira uwo wuubashe
caane.
- 18E Ntiwoombarir_a ingene Please tell me how I ask
[my] way in case I get
lost.
mpava mbaz_a inzira ni
nazimira?
-raangira (-raangiye) to show
- 19F Uhez_e ugir_e uti: Then you say, ‘Show me the
way to Kitega.’
ndaangir_a inzira iroor_a
i Gitega.
- 20E Noone ntaa kuundi Isn’t there any other way
that you say it?
mubivuga?
uburyó (14) way
- 21F Hari uburyo bw’inshi bwo There are many ways to say
it.
kubivuga.

4.	umwáarimú (1, 2)	teacher
22G	Mwiigiishwa n _a aabaarimu baangaaha?	How many teachers are on your faculty? (‘By how many teachers are you taught?’)
23H	Har _i abiigiisha bashika miroong _o itaanu. umwiírabure (1, 2) umweéra (1, 2)	There are about fifty teachers. a black person a white person
24G	Ni abiirabure caanke n _i abeera? uruvaánge (11, 10)	Are they black or white? mixture
25H	N _i uruvaange.	They’re mixed.
26G	Abeenshi ni baande? ubwiínshi (14)	Which are in the majority? amount, quantity
27H	Bameze nk _a abaangana mu bwiinshi.	They’re about equal in number.

-
- 1A Uyu muúsi haaziindutse náabí.
2A Ngira ng_o imvúr_a iragwa.
3B Irashóbora kutágwa, mugábo hakiirirw_a urufuuri.
4A Ubimenyu úte?
5B Ndaab_a ibicu.
6A Nooné bírya bicu ‘si ivy_a ímvúra?

- 7B Eegó, mugábo 'ntibiremyé caane.
- 8A Nooné reeró hagwa imvúra nké kuk' ibicu bitaremyé.
- 9B Oya, 'ntiwuuv' uyu muyaga? 'Niwó vyírukana 'ntibíroonk' umwaánya wó kurema ngo bigwémw' imvúra.
- 10A Ico 'nicó kibikúbwiira gusa?
- 11B Oya, 'ntiwuuv' k' ataa gashuúhe karí mu kirééré.
- 12C Hárya iki 'niikí mu Kiruúndi?
- 13D Ivyo 's' ibiraato?
- 14C Nsubirirámwo. Sinuumvíise.
- 15E Mbéga hárya mu Kiruúndi 'mugéenzi' biratáandukaanye n' 'úmugeenzi'?
- 16F Caane nyéne!
- 17F Mugéenzi 'n' ukuvúga 'sir' caanke 'madame' ubwíira uwó wuubáshe caane.
- 18E Ntiwoombarir' ingéne mpava mbáz' inzira 'ni nazimíra?
- 19F Uhez' ugir' utí: ndaangir' inzira iroor' i Gitéga.
- 20E Nooné 'ntaa kuúndi mubivúga?
- 21F Hari uburyó bwiínshi bwó kubívuga.
- 22G Mwiigiishwa n' áabáarimú baangáahé?
- 23H Har' abiígiisha bashiká miroong' itaanu.
- 24G 'Ni abiírabure caanké 'n' abeéra?
- 25H N' uruvaánge.
- 26G Abeénshi 'ni baandé?

27H Bameze nk_a ábaángana mu bwiínshi.

1. The use of the concord for Class 17 in Sentence 20.

Compare:

Ntaa kuúndi mubivúga?	Isn't there any other way that you say it?
Ntaa kuúndi muvugá?	Isn't there any other way that you speak?
Ntaa biíndi muvugá?	Isn't there anything [else] that you say [in addition to that]?

In the last of these sentences, it might be possible to say that the noun antecedent of /bi-/ in /biindi/ is something like 'ibiintu/ understood.' In the first two sentences, no such 'understood antecedent' can be found for /-ku-/ (Cl. 17) in /kuúndi/.

Compare also the sentence:

Ntaa { buryó buúndi } mubivúga?
 { buúndi buryó }

The phrases /buryó buúndi/ and /buúndi buryó/ are apparently freely interchangeable with /kuúndi/.

Exercise 1. [The student should complete these partially organized exercises, and then use them for practice.]

'Did he say it like this?'

Abivuze gútya?

'He said it some other way.'

Abivuz_e ukuúndi.

Yabivuze gútya?

Yabivuze ukuúndi.

Yabívuze gútya?

Yabívuze ukuúndi.

[kubigira, kuvyaandika, kuzíbiba, kuzóoza...]

Exercise 2.

Niwé yagizé gútya?

Yagiz_e ukuúndi.

Niwé yagiz_e' ukuúndi.

[kuvúga, gusoma, kugeenda, kumesuura, etc.]

Exercise 3.

Ntaa kuúndi mubivúga? Tubivuga gútyo gusa.

[gutéeka, kuvúga, gutéembeera, gukina, etc.]

2. The use of /-ti/ as in Sentence 19.

The stem /-ti/ is a verb stem, which takes the usual subject prefixes, though non-personal subject prefixes with /-ti/ are rare. This stem is not inflected in any other way, however. Its sole use is to introduce direct quotations:

Ati 'Ndashoonje.'	He says/said, 'I'm hungry.'
Azoovuga àtì ndashoonje.	He will say, 'I'm hungry.'
Azoogira àtì ndashoonje.	
Àmbàrìyè àtì ndashoonje.	He told me, 'I'm hungry.'

Exercise 4. The following three sentences illustrate the contrast between use of /-ti/ followed by an indicative verb, and /ko/ followed by a relative verb. The student should assemble a number of other sets of three sentences related to one another in this way, and then use them for practice.

Atì: 'Ndashoonje.'

Avuz_e at_i arashoonje.

Avuze kó ashoonjé.

3. Abstract nouns of Cl. 14.

Many adjectives, and many nouns which are not in Class 14, have counterparts in Class 14. The Class 14 noun is almost invariably abstract.

~iínshi	much, many	ubwiínshi	plural, amount
~níní	large	ubuníní	bigness
~tó	young	ubutó	youth
umusóre	bachelor, young adult male	ubusóre	bachelorhood, young adulthood (male)
umuuntu	person	ubuuntu	kindness
umuvyéeyi	parent	ubuvyéeyi	parenthood
umwíiraabure	negro	ubwíirabure	blackness
umuriinzi	guard	uburiinzi	protection
umwaámi	king	ubwaámi	kingship
umwáana	child	ubwaana	childhood
imfúra	oldest child	ubufúra	kindness

daatabuja boss, overseer ubuja slavery

Exercise 5. [The student should assemble further pairs of words, one member of each pair being an abstract noun of Class 14.]

Exercise 6. [The student should fill the blanks.]

~kũru	old(person), an elder	_____	power, authority
umurimyí	farmer	_____	agriculture
-menya	to know	ubumenyi	_____
~izá	good	_____	_____
umugabo	man	_____	adult manhood
amareengero	direction in which someone or some- thing disappeared	_____	west
_____	to become easy	ubwoórohe	softness

4. Negative infinitives.

Sentence 3 contains:

Irashóbora kutágwa. It may not rain.

Compare also:

Arashóbora kutáaza. He may not come.

Arashóbora kudáshika uyu
muúsi.

Arashóbora kutávuga.

Compare also:

Ntishobóra kugwa. It can't rain.

What are the rules for predicting the tone of the negative infinitive? Verify your statement by testing it with a number of other verbs, both high and low.

What is the rule for predicting whether the infinitive prefix will have the form /ku-/ or /gu-/? What is the rule for predicting whether the negative prefix will have the form /-ta-/ or /-da-/?

Exercise 7. [The student should assemble a number of additional sentences, useful in his own daily life, which contain negative infinitives.]

5. The hodiernal relative after /'ni/.

Sentence 18 contains a new use of /'ni/:

Ntiwoombarira ingéne mpava mbáza inzira 'ni nazimíra.

Please tell me how I ask [my] way in case I get lost.

cf. also:

N(zoo)gira ánte 'ni nazimíra?

What shall I do if I get lost? [-zoo- if beyond today]

Noogira ánte nzímiye?

What would I do if I get lost? [anytime]

Ngira ánte nzímiye?

What do I do when/if I'm lost?

but not:

*Noogira ánte 'ni nazimíra?

Use of the construction with /'ni/ plus a relative verb seems to be confined to instances where the action referred to is future. Comparable sentences where the action is not future have a participial verb (e. g. /nzímiye/) and do not have /'ni/.

Exercise 8. [The student should assemble additional sentences of this kind, and ascertain for each sentence the appropriate form of the second verb.]

UNIT 29

Unit 29 consists of a number of short dialogues on a variety of topics. They contain little that is new, either in vocabulary or in grammar.

Tones are not marked at all, and indication of vowel length is inconsistent. The English translations are rough, and even proofreading is incomplete. It is suggested that the student memorize each dialogue so that he can play either role in it fluently and without mistakes. After it has been memorized in this way, the dialogue may serve as the model for new sentences. Finally, one or two lines from each dialogue should be used as the starter for a series of free conversations.

1.

Bwakeye ga Yoha!

Good morning John!

Bwakeye neza ga Simo(ni).

Good morning Simon.

Ko wihuta n'amaki?

Why are you in such a hurry?

-ráaza

to leave unfinished over
night

Nihutira akazi narajije.

I'm hurrying (for) [to finish]
the work that I didn't finish
yesterday.

Ni vyiza, genda ukore.

Fine, go and work.

Simo(ni), turabonana hanyuma.

See you later, Simon.

Egome n'agasaga.

O.K., good bye.

2.

Ubona ar'isaha zingaha?

What time to you have?

Uzibariza iki?

Why do you ask?

Har'umuntu yantumiye.	(There is) someone (who) invited me.
Mbona ar'isaha y'icenda.	By my watch it is 3:00.
N'agasaga ndagiye.	Good bye. I'll be going. ('I've gone. ')
Egome genda n'amahoro!	O.K., have a nice time.
3.	
Mwaramutse.	Good morning.
Bwakeye. N'amaki?	Good morning. How are you?
Ndondera ibifungurwa. Mu- teka ibiki n'ibiki?	I'm looking for something to eat. What all do you have ('cook')?
Nguhe urupapuro vyanditseko?	Shall I give you the menu ('the paper where it is written down')?
Woba ukoze.	That would be kind of you.
Nshimye ibi.	I like these.
Mpa amazi.	Give me some water.
Nta disera mufise?	Don't you have any dessert?
Ziranditse ku rupapuro.	It's (written) on the menu.
Hagarara ndarugusubize.	Wait and I'll bring it back to you.
Urakoze.	Thank you.
N'agasaga.	Good bye.

4.

Ibitambara vy'amakostime biri
he?

Where are the fabrics for suits?

Ngibi, tora ico ushaka. Iki
ni ciza cane.

Here they are. Take what [ever]
you want. This one is very
nice.

Mbarira ingene mugurisha
iki gitambara.

Tell me how you sell this fabric.

Soma, biranditse.

Read. It is written.

Ntaburira igikwiye ikostime.

Cut off enough for a suit.

Urakoze.

Thank you.

Genda utange amafranga,
baguhe n'ibifungo.

Go and pay and they will give
you buttons.

Ubwire n'abandi ko ako keza
wagakuye aha iwacu.

Tell others that you got this
nice stuff here at our [store].

5.

Dufise abana batatu.

We have three children.

Turabakorera ivyo dushobora
vyose.

We do the best ('whatever') we
can for them.

Turabambika tukanabagaburira.

We clothe them and (moreover)
we feed them.

Umugoroba wose turabuhagira.

We give them a bath every evening.

Umwe muri bo n'umunyeshuli.	One of them goes to school.
Umwigisha wiwe yambariye ko yiga neza.	His teacher tells me he is doing ('studying') well.
6.	
Bwakeye.	Good morning.
Bwakeye neza.	Good morning.
Nitwa Yozefu, nturuka i Kitega.	My name is ('I'm called') Jo- seph, [and] I come from Kitega.
Nanje ndi Hari, nturuka i Ngozi.	And I'm Henri. I come from Ngozi.
I Ngozi havugwa amaki ga?	What is going on ('being said') in Ngozi?
Nasize havugwa ameza.	When I left everything was fine.
Woshima ko ndakwereka aho mba?	Would you like me to show you where I live?
Oo, woba untabaye!	Yes, that would be very nice of you.
Ngo tujane iyi nzira.	Come on, let's go this way (together).

7.

-ramukanya (~ramukanije)

to greet one another

Nagomba ng'uramukanye na

I'd like you to meet Henri.

Hari.

Amahoro neza ga Hari we!	How are you, Harry?
Amahoro neza ga Antonia we.	How do you do, Antoinette?
Uturutse he ga ntu!	Where have you come from, sir?
Niviriye mu kizungu.	I've come from the commercial ('European-style') [section].
utunyoóbwa (13)	a drink
Nkuronderere utunyoóbwa?	May I get you something to drink?
Urakoze, mbabarira ndihuta.	Thanks. Excuse me. I'm in a hurry.
8.	
Ngomba kuja i Ngozi.	I want to go to Ngozi. Could you tell me the way to go?
Ntiwombarira inzira nkurikira?	(...the way that I follow?)
Fata ibarabara rikuru rirora i Kigali.	Take the big highway that goes to Kigali.
Niryo rinshikana i Ngozi?	Is that the one that takes me to Ngozi?
Oya. Igisagara ugerako usohotse Ikibira n'Imisiyoni ya Bukeye.	No. The place that you will get to when you have passed Ikibira is Bukeye Mission.
-sohoka (-sohotse)	to get out of
-sígaza (-shígaje)	to leave a part of something
Nzoba nshigaje urugendo ru- ngana iki?	How far will I still have to go? ('How much of a journey will I still have left?')

-baandaanya (-baandaanije)

to go on

Runini. Ubandanye ugere mu
Kayanza. Ufate ibarabara
ry'i buryo lero, rikugeza
i Ngozi.

A long way. You go on until
you get to Kayanza. Then
you take the road to the
right, which takes you to
Ngozi.

Ibarabara rimeze rite.

How is the road?

Ricamwo imiduga myinshi,
kandi ni ryiza.

There's a lot of traffic, but
it is good.

9.

Mu Burundi amabarabara ni
menshi?

Are roads are numerous in
Burundi?

Ee, none ibisagara vyose na
zamisiyoni ntibifantanijwe
n'amabarabara?

Yes, aren't all the centers of
populations and the missions
linked by roads?

Yose none ameze nk'aya y'i
Bujumbura?

Are all of them like the ones
(of) at Bujumbura?

kaaburimbo (9)

macadam

Oya nta kaburimbo, kandi
amwe amwe ni mato mato
cane.

No, they're not macadam, and
some are quite narrow.

10.

ntabwo	[a negative word; first sentence has verb in immediate relative; last has verb in hodiernal participial form.]
Ntabwo uturuka muri Amerika?	Aren't you from America?
Egome cane nd'Umunyamamerika.	Yes, indeed, I'm an American.
Waje ino ryari?	When did you come here?
Naje mu kwezi gushize.	I came last month.
Mu kuza waje muki?	How did you come? ('In coming...')
Mu kuza, naje muu ndege.	I came by plane.
Uzomara ino igihe kingana gute?	How long will you stay here?
Ntabwo ndabizi.	I don't know.

11.

Injira!	Come in!
Ndaguhaye bwakeye.	(I give you) good morning.
Bwakeye neza.	Good morning!
Nshobora kubonana na Direkiteri?	Could I see the Director?
Hinga ndabe, afise ivy'akora vyinshi.	Wait and I'll see. He has a lot to do.

Wamubaza iki?	What did you [have to] ask him?
-saba (-savye)	to ask for, request
Namusaba 'bourse' yo kuja kwiya muri Amerika.	I asked him [for] a scholarship to go to study in America.
-úzuza (-úzuje)	to fill out
Genda urya mukarani aguhe impapuro zo kwúzuza.	Go to that clerk and he will give you some forms to fill out.
Urakoze, n'agasaga.	Thank you. Good bye.
Genda amahoro.	Good luck.
12.	
Nshaka kwiga Ikirundi.	I want to learn Kirundi.
Numva ukivuga neza. Wata- nguye kucigira ino none?	I've heard that you speak it well. Did you begin the study of it here?
~kéeyá	few, little
Oya, naje nzi gikeya.	No, I knew a little when I came.
Urumva iyo abarundi bavuga?	Do you understand it when the Barundi people speak?
Imfura yanyu n'umuhungu canke n'umukobwa?	Is your oldest child a boy or a girl?
N'umwigeme.	She's a girl.
Yavutse ryari?	When was she born?
Yavutse mu mirongo ine n'indwi.	She was born in '47.

itariki (9, 10)	date (of month)
Hari kw'itariki zingahe?	What date?
Hari ku wa cumi n'icenda w'ukwezi kwa Mayi.	It's (on) May 19.
Aba hehe?	Where does she live?
Abana n'abavyeyi bacu. umurimo (3, 4)	She lives with our parents. employment, work, job
Arafise umurimo?	Does she have a job?
Haba namba.	No, she doesn't.
None akora iki?	Then what does she do?
Araciga amashuri.	She's still (studying) [in] school.
13.	
Yiga hehe?	Where does she study?
Yiga i Bujumbura.	She studies in Bujumbura.
Yigishwa na bande?	Who teaches her?
Yigishwa n'Ababikira bera. -táanga (-táanze)	She's taught by the White Sisters. to pay
Amafranga ayatangirwa nande?	Who's the tuition paid by?
Abavyeyi barayamutangira.	[Our] parents pay it for her.
Uri n'abavyeyi batunze.	You have rich parents.
Ntibatunze cane.	They're not so rich.

Mbe barafise akazi?	Do they have jobs?
Barakora.	[yes,] they work.
Bakora bose uko ari babiri?	Do they both work?
Bose barakora.	(Yes,) they both work.
Bakora hehe?	Where do they work.
Bakora mu biro.	They work in an office.
emwe	!
Emwe bafata amafaranga menshi!	Say, they get a lot of money!
Arabaye.	It's enough.
Bafata akwiye.	They get enough.
None ayo mafaranga yose baya- koza iki?	How do they use all that money?
Barayareresha abana babo.	They use it to rear their chil- dren.
Barabagurira indya bafungura, impuzu bambara, ibitabu biga n'ivyo basoma.	They buy them the food they eat, the clothes they wear, the books they study and those they read.
umuryàango (3, 4)	family, kinship group
-téera (-téeye)	to reach, to throw, sow
Umuryango wawe urateye imbere cane.	Your family is very advanced.
-shírwa (-shízwe)	to be satisfied
Ariko ntiturashirwa.	But we are not satisfied.

14.

Mbe uriga?

Are you a student? ('Do you study?')

Egome, maze imyaka ine muri
koleji.Yes, I've had four years of
secondary school.

Wiga muri koleji iyihe?

What school do you study at?

Niga muri koleji y'i Bujum-
bura.I study in the Bujumbura secon-
dary school.Abanyeshuli mwigana bangana
iki?

How many students in a class?

Turi cumi n'indwi mw'ishuli
yanje.There are seventeen of us in
my class.

Abo mwigana bava hehe?

Where do the members of the
student body come from?

Baturuka nka hose mu Burundi.

They come from just about every-
where in Burundi.

Mwiga ibiki n'ibiki?

What all do you study?

igiharuro (7, 8)

a mathematics problem
or exerciseTwiga ibiharuro, igifransa
icongereza, ikidagi
n'ikilatini.We study math, French, English,
German and Latin.

Turigishwa n'ibindi vyigwa.

We study other courses.

15.

-tégerezwa (-tégerejwe)

to be required, obliged

Mw'ishuli mutegerezwa kuvuga
uruhe rurimi?

What language are you supposed
to speak in school?

Ikifaransa kirategerezwa.

French is required.

Abanyeshuli barakunda igifransa?

Do the students like French?

Abenshi n'abagikunda.

Most of them (are ones who)
like it.

Mufise amashuli y'Ikirundi
angahe mu ndwi?

How many Kirundi classes do
you have a week?

16.

igitabu (7, 8)

modern-style book
[used by some speakers
in distinction to
/igitabo/, formerly
'an altar']

Mbe murigurira ibitabu?

Do you buy your own books?
('Do you buy books for
yourselves? ')

-táanga (-táanze)

to give

Bimwe tubigurirwa n'abavyeyi
ibindi bitangwa na Koleji.

Some of them are bought for us
by our parents; others are
given by the school.

-tóoza (-tóogeje)

to finish

Uzotoza amashuli ryari?

When will you finish your school?

Nshigaje imyaka ibiri muri Koleji.	I still have two years in secondary school.
Utogeje Koleji uzoja he?	Where will you go when you have finished secondary school?
Nzogerageza kugenda muri université.	I'll try to go to a university.
17.	
Muranywa inzoga y'ikizungu?	Do you drink European beer?
Abarundi benshi barayinywa. -ánka (-ánse)	Many Barundi people drink it. to dislike
Mugabo hari abandi bayanka.	But there are others who don't like it.
None wewe ukunda inzoga y'Ikirundi?	Do you like Kirundi beer?
Jewe nywa inzoga y'Ikirundi n'iy'Ikizungu.	I like Kirundi and [also] European beer.
Mugabo inzoga z'Ikizungu zirazimba.	But European beer is expensive.
Zitwa ngo iki?	What are they called?
'Primus' ni yo nyinshi.	'Primus' is the biggest ('the abundant') one.
Ikorerwa hehe iyo 'Primus'?	Where is 'Primus' made?
'Primus' ikorerwa i Bujumbura.	'Primus' is made in Bujumbura

icúpa (5, 6)	bottle
Icupa rigurwa amafaranga	Twenty five or thirty francs.
mirongo ibiri n'atanu canke	
mirongo itatu.	
ibiréenga (8) (cf /-réenga/)	higher (to go beyond)
Mu mahoteli icupa rigurwa	In the hotels, a bottle is
amafaranga mirongo itatu	35 francs or more.
n'atanu n'ibirenga.	
ikiguzi (7, 8)	price, cost, charge
Ino ibiguzi ntibingana no	Prices here are not so high
muri Amerika.	as in America.
ukúri (17)	the truth
Uvuze ukuri.	You are right.
18.	
Ikirundi ni kimwe mu Burundi	Is Kirundi the same throughout
bwose?	Burundi?
-gáaniira (-gáaniriiye)	to converse
impáande (9, 10)	part, section
Uriga Ikirundi uzoganira uko	Study Kirundi [and] you will con-
ushaka mu mpande zose	verse on whatever subject
z'Uburundi.	you like in all parts of
	Burundi.

Mbe Ikirundi kiragoye kwiga?	Is Kirundi hard to learn?
-shíruka ubuté (-shírutse...)	to be zealous, diligent
Ntikigoye cane ku wushiruka ubute.	It is not hard for one who applies himself.
-ítako (-ítaayeko)	to do with vigor
Nzogerageza kucitako.	I'll try to work hard on it.
Ushatse nzokwigisha.	If you like I'll teach you.
Urakoze cane!	Thank you very much.
Ariko ndi n'umutwe ugumye.	But I have a thick skull.
Nzogerageza kukwumvisha.	I'll try to make you understand.
Ndagukengurukiye, mugenzi.	Thank you, sir!
Uzonkengurukira hanyuma.	There's time for that later.

19.

Aha ni ho ngishika i Bujumbura.	I've just arrived in Bujumbura.
Ndondera uwomfasha.	I'm looking for someone who might help me.
Urondera ugufasha kugira gute?	What kind of help do you want? ('You are looking for someone who helps you to do what?')
Sindamenyera i Bujumbura.	I haven't gotten acquainted with Bujumbura.
Ukeneye iki none?	What do you need?
Nkeneye ibintu vyinshi.	I need a lot of things.

None nogufasha nte?

How might I help you, then?

Ntabara unyereke inzira ija
ku mahoteli.

Please show me the way to the
hotels.

20.

Ihoteli uyisanga inyuma
y'ibanki.

You'll find the hotel on the
far side of the bank.

Mbe ugomba ihoteli yose ubonye!

Do you want whatever hotel
you see? (i.e. just any hotel)

Narondera ihoteli itazimba.

I'm looking for an inexpensive
hotel.

Mbe igihugu cawe n'ikihe?

What is your nationality?

Ukeka ko mva hehe?

Where do you think I come
from?

-sá [no perfective stem]

to resemble

Usa n'Umunyamerika.

You look like an American.

Wabimenye.

You guessed it!

Ubu ni ho ugishika?

You're just now arriving?

Nta munsu ndamara ino.

I haven't been here a day yet.

21.

Hari amahoteli azimba
n'ayandi atazimba.

There are some hotels that are
expensive, and others that
are not.

Muri hoteli Paguidas batanga amafaranga 300 kw'ijoro.	At the Paguidas they pay 300 F a day.
Ahandi ho n'angahe?	How much is it elsewhere?
Mu yandi mahoteli ararenga.	In other hotels it is more.
Erega n'ino ibintu birazimba.	Even here things are expensive.
Ariko ibintu ntibizimba nko muri Amerika.	But things are not so expensive as in America.
ikiringo } (7, 8) ikiringo }	time, moment
Ibiribwa vy'ikiringo kimwe bigurwa angahe?	How much is a meal?
Bigurwa 100 canke 150.	It costs 100 F or 150 F.
22.	
Mbe urafise umwanya w'ugutembera?	Do you have time to go for a walk/ride?
Egome, ndawufise.	Yes, I have (it).
Ukunda gutemberera hehe? incúti (9, 10)	Where do you want to go? relatives
Ku bagenzi no ku ncuti.	To my friends and relatives.
Mbe umenyana na benshi?	Do you know many [people]?
N'abatari bake.	A good many. (With those who are not few.)

23.

Abavyeyi bawe bafise abana
bangahe?

How many children do your
parents have?

Bafise abahungu batandatu,
n'abakobwa babiri.

They have six boys and two
girls.

Emwe muri benshi!

Say, there are a lot of you!

Mu Burundi abana umunani si
benshi.

In Burundi, eight children
isn't many.

Hariho abavyeyi barenza abana
cumi.

There are parents who have
more than ten children.

UNIT 30

Like Unit 29, Unit 30 makes heavy demands on the student. It consists of a series of brief paragraphs on historical and political matters. Each paragraph appears as a series of numbered sentences. The sentences are followed by a series of questions and answers.

Unit 30 has two purposes. The most obvious is the introduction of new vocabulary. The second, and more important, is to demonstrate a method by which newspapers and other written material can be used in continuing the study of the language beyond this brief series of lessons.

A. Iyva keera vy'i Burundi.

1. Tumanya ivya keera vy'i Burundi kuva mu mwaaka wa 1850.
2. Umwaami waa mbere w'Uburuundi yari Ntare.
3. Bavuga ko yahaanganye ku ngoma imyaaka myiinshi.
4. Amazina y'Abaami b'i Buruundi n'aaya: Ntare, Mutaga, Mweezi na Mwaambutsa.
5. Ntare avyaara Mweezi, Mweezi akavyaara Mutaaga, Mutaga nawe akavyaara Mwaambutsa.
6. Abaruundi barakuunda abaami baabo.
7. Mu Buruundi barubaha Umwaami rwoose.
8. Ico avuze boose baragikurikiza.

Utubazo ku vyaakeera vy'i Buruundi.

1. Mbe turaazi ivyaa keera vy'i Buruundi? Egome, ariko ivya keera caane ntavyo tuuzi.
Mbe twaari tuuzi ivyaa keera vy'iico gihugu imbere ya 1850?
Oya, na ababizi babizi nka imigani.

Twaataanguye kubimenya ryaari? Haari nko mu mwaaka
w'1850.

